Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL AK SENATÈ SCHUMER MAKE ACHÈVMAN AGRANDISMAN 65 MILYON DOLA KONPAYI INOVASYON BATRI PWOCHEN JENERASYON BAE SYSTEMS NAN SOUTHERN TIER

BAE Systems pran angajman pou kreye plis pase 130 nouvo djòb ki byen peye nan lokal Vilaj Endicott la

Envestisman kontinyèl Eta Nouyòk sipòte estrateji konplè rejyon Southern Tier pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an lè yo konsantre sou solisyon enèji pwòp yo

Videyo operasyon BAE Systems yo disponib isit la, foto yo disponib isit la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul make achèvman premye faz pwojè agrandisman BAE Systems nan Southern Tier. Konpayi an ap envesti 65 milyon dola pou elaji operasyon yo nan Vilaj Endicott, Konte Broome. Konpayi an te ajoute yon total 13,935 mèt kare (150,000 pye kare) nan sit ki egziste deja li a pou fè plas pou ajoute yon nouvo liy pwodiksyon batri, espas laboratwa jeni ak nouvo espas biwo. Kòm rezilta agrandisman an, konpayi a angaje pou li kreye jiska 134 anplway ki byen peye sou plas. BAE Systems se yon konpayi defans mondyal, ayewospasyal ak sekirite ak apeprè 93,500 anplwaye atravè lemond. Etablisman BAE Systems nan Endicott konsevwa, devlope ak pwodui yon gwo gam sistèm elektwonik ki enpòtan pou sekirite, soti nan kontwòl vòl ak motè rive nan sistèm jesyon pisans ak enèji pou aplikasyon ayeryen ak terès, komèsyal ak militè, tankou kontwòl vòl, kontwòl motè, sistèm misyon ak solisyon pisans ak pwopilsyon. Konpayi an fonksyone sou sit Huron Campus la depi 2011.

"Desizyon BAE Systems pou elaji biznis li a reprezante yon lòt viktwa pou Eta Nouyòk ak pou Southern Tier, ki konsantre sou devni yon sant mondyal pou efò inovasyon batri pwochen jenerasyon yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Depi lè mwen te antre an fonksyon, mwen te rete angaje m pou m repote travay nan Nò Eta Nouyòk. Konpayi sa a ki gen anpil siksè te chwazi pou l devlope operasyon li yo isit la, sa ki te ankouraje kreyasyon bon jan kalite djòb ki byen peye nan rejyon an paske yo te wè pèsonèlman kijan Nouyòkè yo travay di."

Pwojè a enplike agrandisman liy pwodiksyon batri BAE Systems, ki gen ladan acha ak enstalasyon machin ak ekipman pou pwodwi avèk efikasite yon sistèm estokaj enèji pou avyon elektrik/ibrid elektrik ak veyikil terès. Etablisman ki moènize a pral gen ladan yon

liy pwodiksyon otomatik dènye modèl, yon laboratwa jeni, ak yon sant sèvis apre vant kè tout faz yo fini nèt.

Empire State Development ap ede pwojè a ak jiska 8.5 milyon dola nan Pwogram Kredi Enpo pou Travay Excelsior (Excelsior Jobs Tax Credit Program) ki baze sou pèfòmans an echanj pou angajman pou kreye djòb. Konte Broome ap bay asistans tou pou pwojè a.

Vis Prezidan ak Direktè Jeneral Kontwòl ak Solisyon Avyon BAE Systems nan, Jack Stevens, te deklare, "Agrandisman etablisman sa a ranfòse angajman nou anvè Southern Tier epi bati sou vizyon Eta Nouyòk pou kreye yon sant rejyonal pou inovasyon batri. Avèk envestisman sa a, nou pral amelyore kapasite nou pou adrese bezwen nouvo jenerasyon avyon ibrid/elektrik la."

Estimile Inovasyon Batri Pwochen Jenerasyon
Gouvènè Hochul ak Lidè Minorite Sena Etazini an, Chuck Schumer, te enpòtan anpil nan desizyon konpayi an pou travay nan tèt kole ak ofisyèl konpayi yo pou asire ke pwojè a vanse nan rejyon Southern Tier Nouyòk la ki konsantre sou sipòte efò enèji pwochen jenerasyon yo – yon pi gwo priyorite pou gouvènè a ak senatè a.

An janvye 2024, Gouvènè a ak Senatè a te anonse ke Fondasyon Nasyonal Syans (National Science Foundation, NSF) Etazini te nonmen Motè Estokaj New Energy New York (NENY) kòm yon Motè Inovasyon Rejyonal (Motè NSF), ki te kreye pa Lwa sou CHIPS & Syans bilateral Senatè a. Motè Estokaj NENY an, ki ankre nan Binghamton University nan rejyon Southern Tier Nouyòk la, pral resevwa jiska 15 milyon dola nan finansman federal pou dezan ak jiska 160 milyon dola sou 10 ane pou etabli yon sant ki pral akselere inovasyon, tradiksyon teknoloji ak kreyasyon yon mendèv ki kalifye pou ogmante kapasite endistri batri domestik la. Atravè Empire State Development, Eta Nouyòk pral koresponn jiska 20 pousan pou senk premye ane pwojè a epi li pral bay sipò atravè pwogram yo etabli yo. Yo te chwazi Motè Estokaj NENY an pou kowalisyon atravè divès sektè li yo ki pral bati yon ekosistèm prensipal ki mennen inovasyon teknoloji batri, devlopman mendèv ak fabrikasyon pou sipòte sekirite nasyonal Etazini ak konpetitivite mondyal.

Senatè Ameriken Chuck Schumer te deklare, "Gwo agrandisman enteresan BAE Systems jodi a se yon etap enpòtan pou Southern Tier pandan n ap selebre lefètke BAE Systems ajoute yon lòt mayon nan senti batri Ameriken yo. Agrandisman sa a ki vo 65 milyon dola epi k ap kreye 130 djòb pral mete sou pye yon nouvo liy pwodiksyon batri, yon laboratwa rechèch ak espas biwo. BAE Systems gen yon mendèv klas mondyal k ap fabrike pi bon sistèm elektwonik yo nenpòt kote nan peyi a. Nouvo liy pwodiksyon sa a pral ede pote tounen chèn apwovizyònman batri a soti aletranje, ranfòse lidèchip Southern Tier nan fabrikasyon batri epi konstwi avni endistri batri a nan nò Eta Nouyòk. Mwen te goumen pou jwenn plizyè dizèn milyon dola envestisman pou devlope endistri batri a nan nò Eta Nouyòk, epi m ap kontinye goumen pou asire pwochen gwo avansman nan teknoloji batri fèt isit la nan nò Eta Nouyòk."

Prezidan, Direktè Jeneral ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Sipò estratejik Gouvènè Hochul bay konpayi enèji pwòp pwochen jenerasyon yo kontinye fè prezans endistri dinamik sa a grandi atravè Eta Nouyòk. Agrandisman BAE Systems nan Southern Tier ap kreye nouvo djòb ak nouvo opòtinite ki ranfòse wòl rejyon an kòm yon lidè nan inovasyon teknoloji batri."

Ajanda Klimatik Eta Nouyòk
Ajanda klimatik Eta Nouyòk egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè envestisman ekolojik, epi dirije yon minimòm 35 pousan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap avanse yon seri efò pou reyalize yon ekonomi san emisyon pou ane 2050, tankou nan sektè enèji, bilding, transpò ak dechè.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority) la, Doreen M. Harris, te deklare, "Achèvman agrandisman BAE Systems nan Southern Tier montre kijan envestisman Gouvènè Hochul fè nan teknoloji batri avanse yo ap ranfòse chèn apwovizyònman lokal yo, kreye djòb epi ankouraje kwasans ekonomik. Etap enpòtan sa a ranfòse lidèchip Nouyòk nan inovasyon epi li konplete sipò kontinyèl NYSERDA bay pou rechèch, devlopman ak komèsyalizasyon depo enèji."

Senatè Eta Lea Webb, te deklare, “Southern Tier pare pou dirije peyi a nan efò enèji pwochen jenerasyon ak inovasyon batri. Pwojè sa a pral ranfòse fabrikasyon batri epi kreye jiska 134 djòb byen peye sou sit la nan Endicott. Mwen felisite angajman BAE Systems genyen anvè inovasyon ak kreyasyon djòb isit la nan Konte Broome."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Agrandisman resan BAE fè a se yon gwo avantaj pou sant k ap grandi nou an pou inovasyon ak fabrikasyon batri. Nouvo liy pwodiksyon batri yo a, ki ekipe pou devlopman batri bis elektrik/ibrid ak avyon, ranfòse plis toujou pozisyon kominote nou an kòm yon lidè nan teknoloji enèji pwòp ak devlopman mendèv. Mèsi ak BAE pou envestisman kontinyèl yo nan Southern Tier, epi mèsi ak tout patnè gouvènman nou yo pou sipò kontinyèl yo bay travay enpòtan sa a."

Chèf Egzekitif Konte Broome, Jason Garnar te deklare, "Chak fwa yon konpayi tankou BAE Systems kontinye pran rasin pi fon isit la nan Konte Broome, se yon bagay nou dwe fyè de li. Kalite envestisman sa a vle di plis djòb byen peye pou kominote nou an epi li fè Konte Broome rete sou kat la kòm yon plas kote pwochen jenerasyon teknoloji ak fabrikasyon batri ap pran fòm toutbon. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Senatè Schumer paske yo ede asire opòtinite tankou sa a kontinye vini pou nou."

Majistra Vilaj Endicott la, Nick Burlingame, te deklare, "Envestisman kontinyèl BAE Systems nan Vilaj Endicott la se yon gwo prèv fòs ak avni kominote nou an. Agrandisman sa a pa sèlman pote plis pase 130 djòb byen peye pou rezidan nou yo, men li ranfòse tou wòl Endicott kòm yon lidè nan inovasyon enèji pwochen jenerasyon. Nou fyè de patenarya nou genyen ak BAE Systems epi nou rekonesan anvè Gouvènè

Hochul ak Senatè Schumer pou sipò yo bay nan avanse devlopman ekonomik atravè Southern Tier. Pwojè sa a montre kalite kwasans vizyonè ki respekte istwa nou pandan l ap bati yon avni solid ak dirab pou jenerasyon k ap vini yo."

Pou plis enfòmasyon sou BAE Systems, vizite: https://jobs.baesystems.com/global/en/.

Akselere Southern Tier Soaring
Anons jodi a vin konplete pwojè "Southern Tier Soaring", ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlòpman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon pwochen jenerasyon an. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

Enfòmasyon sou Empire State Development
Empire State Development se ajans prensipal devlopman ekonomik Nouyòk, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè eta a. Ak biwo nan chak nan 10 rejyon eta a, ESD sipèvize Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Devlopman Estratejik Mendèv. Ajans lan angaje ak endistri k ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semi-kondiktè k ap grandi nan Eta Nouyòk, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite esd.ny.gov, epi konekte ak ESD sou LinkedIn, Facebook ak X, ke yo te rele Twitte.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU